Kenn ci yéen du gëm ndare ma gënal ko way-juram ak doomam ak mbooleem nit ñi

Jële na ñu ci Anas -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Kenn ci yéen du gëm ndare ma gënal ko way-juram ak doomam ak mbooleem nit ñi».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne jullit bi ngëmam du mat ba keroog muy jiital bëgg Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ci bëgg yaay ak baay ak doom ju góor ak doom ju jigéen ak nit ñépp, te bëgg gii day war ñu topp ko di ko dimbale, te bañ koo moy.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5953